

Jwenn Pansyon Alimantè pou Timoun an Sekirite: Kisa Ou Ta Dwe Konnen

Sekirite w se yon priyorte

Li enpòtan pou timoun yo resevwa sipò finansye ak medikal nan men tou de paran yo. Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun Eta New York (New York State Child Support Program) la angaje l pou l rann pwosesis pansyon alimantè pou timoun nan pi an sekirite posib pou paran ak pitit yo. Pou resevwa sèvis pansyon alimantè pou timoun, ou dwe bay enfòmasyon sou tèt ou, timoun yo, ak paran ki pa gen gad la. Pandan w ap li sou etap ki anba yo, ou ka vle reflechi sou nenpòt pwoblèm sekirite pwosesis sa a ka soulve epi diskite sou yo ak travayè Pansyon Alimantè pou Timoun ou an.



Etablisman Lyen Parante

Si yo pa etabli lyen parante yo, n ap ede w depoze yon petisyon nan Tribunal Fanmi an. Tou de paran yo pral oblige parèt nan yon odyans tribunal, ki ka an pèsòn oswa vityèl, pou temwaye sou reyalite ak sikonsans ka a.



Etablisman Sipò

N ap ede w ranpli yon petisyon pou pansyon alimantè pou timoun nan Tribunal Fanmi an. Ou ka oblige parèt nan odyans tribunal sa a tou. N ap prezante revni ak depans tou de paran yo epi itilize yo pou detèmine kantite lajan òdonans pansyon alimantè pou timoun nan.



Koleksyon Sipò

Anplwayè yon paran ki pa gen gad ap resevwa yon òdonans Retni Revni pou l retire peman pansyon alimantè pou timoun yo tribal la te egzije a nan chèk salè paran an epi voye peman yo bay Sant Tretman Pansyon Alimantè pou Timoun yo. Si yo pa dekouvri okenn anplwayè, y ap voye yon deklarasyon fakti chak mwa bay paran ki pa gen gad la ki oblige voye peman dirèkteman nan Sant Tretman Pansyon Alimantè pou Timoun yo.



Modifikasyon

Si yon bagay chanje, oumenm oswa paran ki pa gen gad la kapab depoze yon petisyon pou mande Tribunal Fanmi an modifie yon òdonans pansyon ki egziste paske bezwen timoun yo oswa revni paran an chanje.



Ranfòsman Sipò

Si paran ki pa gen gad la rate peman, aksyon ranfòsman yo kòmanse lè sèten kritè satisfè. Aksyon sa yo ka gen ladan sezi ranbousman taks Federal ak Eta a, lajan li genyen nan lotri, kont labank, ak règleman pou aksidan pèsònèl; dèt yo rapòte bay ajans kredi; sispanson lisans chofè; ak refi paspò ameriken.



Ajisteman Kou Lavi (Cost of Living Adjustment, COLA)

Òdonans pansyon alimantè pou timoun ki gen omwen de ane elijib pou revizyon COLA. Revizyon sa a ka ogmante kantite pansyon alimantè pou timoun ke paran ki pa gen gad la dwe peye san l pa ale nan tribunal.

Rete an Sekirite Pandan w ap Chèche Pansyon Alimantè pou Timoun

Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun ak Tribunal Fanmi an gen fason pou ede w jwenn aksè nan sèvis pansyon alimantè pou timoun san danje.

- Mande temwayaj videoy oswa telefòn olye w parèt an pèsòn nan yon odyans tribunal.
- Mande tribunal la pa revele lokal ou, kote w rete, oswa amplwayè w. Tribunal la ka ofri plis prekosyon pou sekirite fizik ou anvan, pandan, ak apre yon odyans, tankou prezans ofisyel tribunal la.
- Retire enfòmasyon sou lokal/rezidans ou oswa sou travay ou nan petisyon, avi, oswa nenpòt divilgasyon finansye ki obligatwa. Menmsi yo ka retire adrès ou nan tout fòm yo, li pa posib pou siphime non konte ajans pansyon alimantè pou timoun oswa tribunal ki te pibliye òdonans lan.
- Mande pou randevou w nan laboratwa pou tès jenétik pou etabli lyen parante yo pwogramme yon fason separe ak lòt paran an.
- Konseye w sou kijan pou w jwenn yon Òdonans Pwoteksyon.


Benefis Biblik ak Pansyon Alimantè pou Timoun

Si w aplike oswa resevwa Asistans Biblik, ou ka oblige kolabore ak Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun; sepandan, kondisyon sa a ka modifie oswa elimine si ou gen enkyetid sekirite pou tèt ou ak/oswa timoun yo. Pwofesyonèl Pansyon Alimantè pou Timoun oswa Asistans Biblik ou a kapab eksplike ki aksyon yo ka pran pou ede jwenn aksè nan pwogram sa yo san danje.

Ou ka mete ajou enfòmasyon sou sekirite a NENPÒT KILÈ. Menmsi ou te deja di pwofesyonèl Pansyon Alimantè pou Timoun oswa Asistans Biblik ou ke ou pa t gen okenn enkyetid sou sekirite, bagay yo ka chanje — epi nou vle ede w rete an sekirite.

Si w bezwen pale ak yon moun imedyatman sou sekirite, kontakte:

Liy Dirèk sou Vyalans Domestik ak Seksyèl Eta New York



Defansè ki trè byen fòme yo disponib 24/7/365 pou pale konfidansyèlman ak nenpòt moun ki sibi vyolans domestik oswa seksyèl, k ap chèche resous oswa enfòmasyon, oswa kesyone aspè malsen nan relasyon yo.

Pou aprann plis sou sa ki reprezante vyolans familyal, domestik, ak seksyèl ak ki resous ki disponib, ale sou <https://opdv.ny.gov/about-domestic-violence> ak www.nycourts.gov/CourtHelp/Sekirite/DVIndex.shtml.

Pou jwenn yon founisè lokal sèvis sou vyolans domestik ki toupre w, ale sou:
<https://opdv.ny.gov/domestic-violence-service-providers>.



Yon Pwogram Biwo Asistans
Tanporè ak Andikap

childsupport.ny.gov

Pou plis
enfòmasyon,
eskane isit la:

